No. 3 — 16 Januari 1931 — Taoen II.

REGINIPOEN LENGGANAN SWARA-TAMA:

1 taoen . . . . f 6,—
1/2 „ . . . . f 3.—
3 woelan . . . f 1,50
Kénging mbajar sabenwoelan
} njoewoen kabajar roemijin.

RAGAD ADVERTENTIE:

1 katja . . . . . . . . . . . f 36.—.
1/2 „ . . . . . . . . . . . f 18,65.
1/4 „ . . . . . . . . . . . f 9,75.
1/8 „ . . . . . . . . . . . f 5,25.
Saladjengipoen: saben 1 $cm^2$ . . f 0,03; sekedik-kedikipoen: f 1,50.

Kabar premili alit-alitan: f 1.—

Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

# SWARA-TAMA

## SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

Hoofdredacteur:
A. DJAJASEPOETRA.
kabantoe
REDACTIE-COMMISSIE.

Adrèsipoen Redactie lan Administratie
IGNATIUS-COLLEGE
DJOKJAKARTA.
Telefoon no. 795.

Drukkerij „Canisius" Djokja.

## DADOSA PENGGALIHANIPOEN PARA POETRA KATHOLIEK INDONESIA INGKANG SAMI KEPRANAN.

### (KATHOLIEK SOCIAAL INDONESIA).

Ombjaking djaman semangké, wontening pakempalan kita poetra Katholiek Indonesia inggih babagan politiek inggih babagan sociaal kados sampoen soemebar wonten ing telenging noesantara woetah rah kita Indonesia riki. Mèh saben panggénan ingkang sampoen katah (njekapi) poetranipoen Katholiek temtoe sampoen dipoenwonteni. Ingkang mekaten waoe, ketitik sanget jèn para poetra Katholiek Indonesia sampoen katah lan saja lami saja mindak-mindak ingkang sami insjaf lan mbetahaken dateng pakempalan.

Pandjenenganipoen para maos tertamtoe boten kekilapan, jèn wontening pakempalan waoe srana ingkang kanggé ngentjengaken lan manoenggilaken (anggoemolongaken) actie kita poetra Katholiek Indonesia ing babagan sociaal oetawi politiek, lan oegi kénging kanggé srana ngraketaken pitepangan kita.

Ngraketaken pitepangan, kadjeng koela ing riki teka boten ladjeng kados tepangipoen mitra, kadang oetawi sedèrèk toenggil kringkel, ananging pitepangan ingkang mawi tata krama oeda negara. Liripoen kedah ngèmoeti oenda-oesoeking pangkat, anèm sepoehing oemoer l. s. p.

Raketing pitepangan mila perloe sanget. Awit jèn mekaten tertamtoe badé mewahi remening para lid ndatengi pakempalan, mewahi nggregoet (boten kemba) anggènipoen toemandang ing actie waoe, satemah andjalari redjaning pakempalan lan kentjenging actie kita waoe.

Ananging sapoenika kados-poendi kawontenanipoen para poetra Katholiek Indonesia, poenapa inggih saged raket mekaten? Kilap ing sanès panggénan. Toemraping panggénan-panggénan ingkang sampoen koela soemerepi lan koela pireng saking collega koela katah sanget mlèsètipoen.

Ing rikoe wontening pitepangan ladjeng ketingal sanget pilah-pilahanipoen, ingkang sepoeh sami sepoeh, anèm sami anèm l. s. p. Lan golongan-golongan waoe presasat ladjeng boten karsa nggapé, maèloe dateng golongan sanèsipoen. Malah ingkang ragi nggoemoenaken malih, déné wonten sawenèhing prijantoen ingkang roemaos sepoeh, roemaos inggil, roemaos katah kawroehipoen, karsa paring panggroendel dateng golongan sanès. Lho, panggroendel waoe teka boten woedjoed pitoetoer, ananging woedjoed pangétjé, pangina lan jèn katjetjep legi bratawali. Kadosta:

*„Jak, dèwèké ikoe nggoné ngoempoel réné iki rak ming arep ngangsoe, ngoedi kawroeh."*

*„Jak, wong moeng botjah wingi soré baé teka wani tjampoer remboeg karo wong . . . . . . ."*

*„Galo, delengen roepané wong mendem . . . . . . Lho, ingatasé . . . . ., teka nganti mendem . . . . . . .* (actie sanès).

Lho, tetemboengan mekaten poenapa saged damel raketing pitepangan? O, babar pisan boten. Sawenèh mireng tetemboengan mekaten ladjeng trimah nglokro, medot boten toemoet. Lan sawenèh taksihipoen poeroen namoeng margi ngèmoeti tijang Katholiek koewadjiban toemoet njokong.

Hm, ing riki koela sareng mireng tetemboengan lan mireng andaranipoen saking collega-collega koela ingkang mekaten waoe, ladjeng ngeloes dada sarwi gèdèg-gèdèg. Déné djaman sampoen kados mekaten taksih wonten pangandika ingkang kados mekaten. Kabaripoen sampoen kagoengan watak sociaal? Apa ja watak sociaal temenan kaja ngono koewi? Apa ja moeng palson baé? Hm.

Wonten ing kalangan sociaal ingkang tansah dados pitakénan: *„Keprijé nggonkoe bisa mitoeloengi lan ngadjokaké bangsakoe."* Malah wonten ing Rorum Novarum (serat ideran saking Soesanta Kangdjeng Santo Rama Leo XIII) wonten pangandika mekaten: *„Spoedig en afdoende moest geholpen worden."* Lan malih wonten ing serat kabar Katholiek padintenan *„Il nuovo Cittadino"*, pandjenenganipoen Kangdjeng Aartbisschop ing Genua karsa ngandika dateng para journalist Katholiek *(petikan saking propaganda noemer van de Koerier taoen 1929)* mekaten:

*„De katholieke journalist moet de menschen aansporen tot het goede, het nuttige helpen verspreiden, spreken wanneer 't noodig is en Z w ij g e n wanneer de omstandigheden het nuttig of wenschelijk maken."*

Senadjan pangandika poenika toemoedjoe dateng para journalist nanging teka moenggoeh sanget jèn ta katjatet wonten ing kepèkipoen para poetra Katholiek Indonesia.

Lha, sapoenika kita saged soemerep wontening panggroendel-panggroendel kados ingkang sampoen kasboet waoe.

*Jèn ta oepami anggènipoen ngempal waoe namoeng badé ngangsoe kawroeh, prajogi énggal ladjeng dipoentoeloengi.*

*Jèn ta oepami kados laré alit, prijantoen sepoeh maringana pitedah, toelada lan panoentoen soepados ladjeng dados sepoeh.*

*Jèn ta wonten tijang gadah actie sanès, ingkang boten damel pitoena toemraping pijambakipoen, lan boten damel koesoeting agami kita Katholiek, prajogi kèndel, sampoen kekatahen panggroendel.*

Sampoen namoeng poenika.

Pangènredja.

rara: *Soe-hardjijah.*

# P R A D J A R A H A J O E.

### JÈN LELIMBANGAN KOELA?

Para sadèrèk!

Ing „Sedio-Tomo" (Jav. editie no. 280) wonten wawasan bab agami, karanganipoen sedèrèk Tjantrik Wilis ing Toeloengagoeng, ingkang oegi klebet ilmoe penasaran toemrap gotrah Katholiek). Senadjan ta k a r s a n i p o e n sadèrèk Tj. W. waoe tjeta b o t e n n a s a r a k e n. Sar.).

Anggitan waoe moerih tjetanipoen badé koela tedak soengging roemijin, mekaten:

1. Agama poenika pranatan gesang sesrawoengan, dados inggih damelaning tijang. Boten wonten agama satoenggal ingkang langkoeng saé tinimbang sanèsipoen, djer sadaja agama noedjoe kasaènan. Jèn wonten agama saé pijambak, ngoengkoeli agama ingkang katah-katah, tenèh djagad poenika kineloen, sedaja mesti ambjoek dateng agama satoenggal ingkang saé waoe. Wangsoel ing djagad poenika wonten agama warni-warni sanget, toer ta sami déné ngangkah saé, dados saénipoen poenika namoeng saking kaantepan, inggih anteping sagolong-golongan ingkang gadah pranatan ing agama satoenggal-toenggal waoe.

2. Ing donja toemrap ingkang sampoen gadah tata-krama, pranatan gesang sesrawoengan ing dalem batos (J è n m a k a t e n s e d a j a n g è l m o e? Sar.), mesti gadah, inggih prenatan waoe woedjoeding agama. Hamila ing donja sepen tijang ingkang tanpa agama. Senadjan limrahipoen wonten ingkang kaseboet V r ij d e n k e r, nanging menawi kagagas ing lebet sajektos inggih sampoen gadah agama, djer golonging remboeg ing kalanganing V r ij d e n k e r waoe, sampoen namtokaken pranatan ingkang tjotjog lan dipoenadjengi ing sagolongan ngrikoe.

3. Agama poenika pranatan toemrap kabatosan, jèn ing kalairan makaten: a n g g e r oetawi w e t. Amila agama oegi saged éwah gingsir, manoet pangoewasa ingkang dateng kantoen. Senadjan limrahipoen peprèntahan poenika kaseboetaken pisah kalijan agama, nanging toemindakipoen mesti kaprelokakaken sanget, djer agama pantjèn kanggé srana ngekahaken paprèntahan, déning wèting lair boten badé toemindak kanti djendjem, menawi boten rinangkepan ing wet batin inggih agama waoe.

4. Agama terang namoeng pranatan damelaning tijang. Rèhning damelaning tijang, toemindakipoen oegi boten badé sepen saking parmih, pamrih waoe andjogipoen dateng kamélikan donja. Tanpa kamélikan, mokal agama saged toemindak. Tandanipoen ing kalanganing tijang dèrèng gadah tata-krama, oepaminipoen: Papoewah, Hottentot, Eskimo, satoenggal kémawon boten wonten agama ingkang tjrijosipoen saé langkoeng saé waoe, poeroena ndatengi ingrikoe kanti nglaha tanpa pitoewas, djer ingrikoe tetéla tanpa kamélikan satoenggal poenapa toemrap ingkang badé ngrambataken agama poenika.

— o —

Semanten wawasanipoen Tj. W. waoe. Sapoenika gantos koela ingkang mawas, ning kanti dedasar piwoelang Katholiek.

1. Agama poenika klempaking p a n g a n d i k a lan d a w o e h i n g A l l a h.

Jèn mekaten sadaja Agama poenika jasanipoen Pangéran?

Boten! Goesti Allah namoeng jasa agami setoenggal! Djer Goesti Allah boten saged njoelajani Saliranipoen pijambak!

B o t e n w o n t e n b a r a n g k a l i h i n g k a n g s a m i w o e d j o e d l a n s a é n i p o e n, semanten oegi agami. Jèn koela, agami ingkang saé pijambak inggih ingkang koela antepi alijas: agami Katholiek. Awit koela sampoen jakin, bilih agami Katholiek poenika ingkang dipoenkarsakaken ing Pangéran. Hla jèn dipoenkarsakaken ing Pangéran, inggih poenika ingkang matoek p ij a m b a k, alijas: saé pijambak!

Kok boten ngeloen djagad? Mokal jèn mekatena, djer sedaja ingkang saé kedah w o n t e n a l a n g a n i p o e n!

Poenapa perloenipoen Goesti Allah jasa agami? Soepados tijang-tijang saged minggah S w a r g a! (Tijang-tijang ingkang nglampahi lo!).

2. Agama b o t e n b a d é é w a h ngantos saboedjating djaman, awit ingkang netepaken G. Allah, mangka G. A. langgeng, boten éwah gingsir.

Mila njata — kekahing pepréntahan poenika saking agami, djalaran tijang-tijang ingkang temen-temen nglampahi agami sanjata — poenika ngakeni, bilih sadaja pangoewasa ingkang leres toemoeroen saking Pangéran. Lan ing awakipoen pijambak anggadahi winih katentreman saha karahadjengan. Lan poenapa ta ingkang dipoentoedjoe ing paréntah waoe? Poenapa dédé karahadjenganing rèh-rèhanipoen?

3. Agama jasanipoen G. A., dados sepen ing pamrih donja. G. A. poenapa betah barang donja? Barang donja toemrapipoen agami, namoeng kanggé srana. Sinten ingkang boten betah barang donja?

Leres, pentjaring agami dedasar barang donja, n a n g i n g a g a m i b o t e n m é l i k b a r a n g d o n j a.

Mekaten poenika pemanggih koela.

Noewoen
SARAITA.

## G. G. ÉNGGAL.

### *Toewan H. Colijn???*

Sakedap malih, kadaton ing Bogor santoen ingkang nglenggahi. Goernadoer Djéndral ingkang sapoenika, kèndel. Malah serat-serat kabar anjarijosaken, kondoeripoen dateng nagari Walandi béndjing woelan Sèptèmber.

Gantosipoen G. G. Ned. Indië mesti angébahaken swasana-politiek ing Indonesia. Angébahaken manahipoen kaoem pergerakan Indonesiër. Kadjawi poenika gantosipoen G.G. badé ambekta *pergantian hawa* wonten tanah kita.

Koela boten mangertos, G .G. ingkang tjalon anggentosi Ingkang Witjaksana Jhr. Mr A. D. de Graeff, tjalon anindakaken politiek poenapa! Poenapa pikantoek welingan saking paréntah loehoer ing nagari Walandi soepados anindakaken politiek moemoelih piandeling kawoela? Poenapa soepados toemindak anjaèkaken bandanipoen nagari? Poenapa kedah angerasi pergerakanipoen bangsa kita? Prakawis poenika, koela boten saged metja.

Ingkang sampoen kantenan, politiekipoen G. G. sapoenika, boten adamel senengipoen golongan Walandi ing Indonesia. Kosok-wangsoelipoen, Indonesiers katah ingkang ngroemaosi bilih papréntahan G.G. de Graeff *boten tangan besi.*

Serat-serat kabar, anjarijosaken: ingkang anggentosi Goernadoer Djéndral sapoenika, bokmanawi kémawon tjalon *t. H. Colijn.*

Manawi t. Colijn boten awatak molah-malih, tegesipoen pamanggihipoen kala wingi inggih dipoenantepi ngantos sapoenika lan ing béndjing, tetijang katah ladjeng saged kémawon oengak-oengak: kados-poendi badé oebeng ingering papréntahanipoen. Ingkang makaten waoe, saged katitik saking boekoenipoen bab tanah kita, i.p. sasampoenipoen toewan waoe anoewèni Indonesia kala taoen 1928.

Wonten ing boekoe waoe, gegedoegipoen parté Anti Revolutionair poenika anjarijosaken:

„Wat in Indië niet deugt, is het systeem zelf, het stelsel, dat men ruim tien jaar geleden ontwierp om te geraken tot de gelijdelijke ontvoogding van dit rijk."

„Apa kang ora matoek toemrap Indija, koewi systeem kang karantjang dèk sapoeloeh taoenan kapoengkoer, bisané angoetjoelaké tanah djadjahan iki saka satitik."

Dados, tjetanipoen, t. H. Colijn boten matoek kalijan *bestuurshervorming ing samangké.*

Toemrap wontenipoen *Inlandsche meerderheid* wonten Raad Kawoela, t. Colijn amastani poenika lepatipoen *tatales* politiek ingkang kaetrapaken kala taoen 1917.

Kados-poendi tangkepipoen t. Colijn dateng *Inlandsche beweging?*

Toewan Colijn amastani, tanah kita ngriki boten wonten *Indonesische* beweging, oet. ébahipoen *bangsa Indonesia.* Ingkang wonten: pergerakanipoen *bangsa-bangsa* priboemi ing Indonesia ingkang béda-béda watak lan sedyanipoen, nanging sadaja waoe tansah angener dateng anti Barat, anti Europeesch, anti Nederland. Mila boten pantes, boten matoek, manawi kawontenan makaten waoe kawastanana: goemarégahing gesang (raos) kabangsan.

Anggènipoen mastani, gampilanipoen ing ngriki boten wonten bédanipoen P.N.I., P.K.I., P.S.I.I. Sadaja poenika sami badé angéntasaken ingkang nama imperialisme Kilénan saking Indonesia.

***

Petikan-petikan sawatawis saking pamanggihipoen t. Colijn ing ngingil poenika, sakedik-sakedik sampoen kénging kanggé anggagapi lampah djantraning politiek djaman G. G. Colijn ( — jèn èstoe kaangkat — ).

Leres lepating pamanggih Colijn ingkang makaten waoe, boten koela rembag. Pikadjenging karangan poenika, namoeng kanggé oengak-oengak badé tjalon politiekipoen t. Colijn manawi dados wawakilipoen Sri Nata Wilhelminah wonten Indija-Nederland.

G.G. badé gantos! Ingkang tjalon dipoendjéndrali kawoela Indonesiërs ingkang tjatjahipoen 60 mlijoen, lan bangsa mantja Ingkang poenika kita namoeng moemoedji: „Olèha G. G. kang noentoen Indonesiërs 60 mlijoen maoe marang *dradjad lan loehoering bangsa, kang sedjati!"*

Makaten atoer koela.

*A. S. D.*

### I S I N I P O E N:

Dadosa panggalihanipoen para poetra enz. — Jèn lilimbangan koela — G. G. ènggal — Seserepan dagang — Salatiga — Pakabaran saking pakempalan — Goentingan pers — Ontjèn sekar gambir melati — Ingkang koela alami enz. — Kabar saking Betawi — Oerap-sari — Correspondentie.

## GOENTINGAN PERS.

### Seneng njoegihaken sanès.

Hari-warti (dagblad) Tionghoa, nama N a n S i n g, ing Semarang, sapoenika andoengkap oemoer kalih taoen.

Salebetipoen sataoen, taoen 1930, namoeng medal salembar. Nanging wiwit woelan Djanoewari poenika, sampoen medal k a l i h l e m b a r, toer sampoen saged lengganan t i l g r a m A n e t a. Ateges, santer sanget madjengipoen. Mangka ing ngrikoe, sampoen wonten dagblad Tionghoa kalih, Warna Warta, lan Djawa Tengah. Kadjawi poenika wonten hari-warti Walandi: De Locomotief kalijan Alg. Handelsblad. Sadaja waoe saged gesang saé, lema.

Nanging, . . . serat kabar Indonesiër, B a h a g i a namanipoen, katingal sasakiten. Oemoeripoen sampoen ngantjik taoen ingkang kaping V. Waoenipoen medal 2 lembar, ing salebetipoen taoen kapengker, dados $1^1/_2$ lembar, toer . . . dèrèng saged lengganan tilgram.

Gandèng kalijan poenika, B i n t a n g T i m o e r, damel tjéntangan wonten ingkang moengel makaten:

Djadi di Semarang sekarang ada t i g a dagblad Tionghoa Melajoe jang semoeanja berlangganan k a w a t, terbit paling sedikit 2 dan tiga serta 4 lembar dan . . kepoenjaan i n l a n d e r ada satoe jang paling ketjil.

Apa ini tidak menjedihkan?

Collega t. J o e n o e s soedah boeka djalan, soedah tahankan hangat dinginnja selama 5 tahoen dan kita merasa bangga mempoenjai collega p e n g o e s a h a sematjam itoe, tetapi sedihlah hati kita bila melihat perbandingan ini.

Demikianlah kita lihat poela di Palembang, koran Tionghoa H a n P o, semakin lama mengembangkan sajapnja, meski ia lebih moeda dari koran Indonesia P e r t j a S e l a t a n!

Dimanakah letaknja kesalahan ini?

Apakah tidak baik ditjari djoega kesalahan ini pada m o e l o e t a t a u l i d a h i n l a n d e r jang terlaloe banjak mementjak, tetapi t i d a k s t i l g o i n g s t r o n g (diam tapi kerdja keras, P r. M t r.) seperti orang Tionghoa, jang diam-diam . . . dan melangkah, tahoe-tahoe soedah didepan hidoeng kita.

Insjaflah kiranja!

***

Prentjak Mataram inggih kraos sedih soemerep kawontenan poenika. Boten poeroen ngaosi, boten ageng tresnanipoen dateng jasaning bangsanipoen pijamkak poenika kalebet factor penting ingkang andjalari keranipoen jajasan-jajasan kita, panggaotan-panggaotan kita, dados inggih kalebet oegi pers k i t a.

Kawontenan-kawontenan anedahaken taksih katah bangsa kita langkoeng seneng mladjeng dateng jajasanipoen tijang bangsa sanès, tinimbang dateng bangsanipoen pijambak. Langkoeng seneng nglemokaken koran Walandi, tinimbang serat kabaripoen toenggil bangsa.

Poenika t j a t j a d a g e n g!

Tijang bangsa Indonesia pijambak ingkang gadah panggaotan inggih pantjèn katah ingkang kadoenoengan lepat. Awit, boten sami ngoedi t e m e n a n a n, sageda panggaotanipoen, kilap toko, kilap pers, kilap poenapa kémawon, a n d j a d j a r i gadahanipoen bangsa sanès. Nanging, manawi kandel kabangsanipoen, pantjènipoen wontena awonipoen sakedik, aloewoeng njoekani s m e e r o l i e dateng jajasaning bangsa pijambak. Poenika leresipoen!

*Prendjak Mataram.*

# KABAR SAKING PAKEMPALAN.

### W. K. SOERAKARTA.

Tanggal 10 Januari 1931 wantji djam 5 sonten W. K. Soerakarta ngwontenakèn parepatan manggèn ing Kath. Eur. school (Koesoemajoedan).

**1. Pamboeka:** Parepatan kabikak kados adat saben. Warga ingkang rawoeh 17, ingkang kintoen soewanten 5 lan nampi warga énggal malih 2.

**2. Maos notulen:** Kaanggep absah.

**3. Pakabaran:** Ngrembag: I. P.P.P.P.A. ing Solo; II. P. W. K.; III. Pitoeloengan dateng Merapi, inggih poenika W. K. sagah oeroen badé sadé sekar (kunstbloemen) déné batinipoen kapasrahaken Comité; IV. Bab Congregatie; V. Handwerk - Tentoonstelling kanggé Grédja énggal ing Solo.

**4. Jaarverslag:** Kawontenanipoen W. K. ing taoen 1930 sampoen kanggep njekapi, lan padamelan - padamelanipoen saha wohwohing W. K. katerangaken kanti tjeta déning panitra.

**5. Pilihan warga Pangrèh:** Pangrèh lami 1930 kempal 5:

*Taoen 1930.*

| | | |
|---|---|---|
| *Pangarsa:* | 1. Sad. | Thr. Hardjosoebroto. |
| *Panitra:* | 2. „ | M. Sastrasoewarna. |
| *Hartaka:* | 3. „ | Thr. Soealbirah. |
| *Djoeroe* | 4. „ | M. Martadihardja. |
| *noepiksa:* | 5. „ | P. Soediati (namoeng 3 woelan). |

*Taoen 1931.*

| | | |
|---|---|---|
| *Pangarsa:* | 1. Sad. | X. Poerwoatmodjo. |
| *Panitra:* | 2. „ | Thr. Soealbirah. |
| *Hartaka:* | 3. „ | B. Martasoedarma. |
| *Djoeroe* | 4. „ | Fr. Soetijem. |
| *noepiksa:* | 5. „ | F. Soemarijam. |

**6. Angsal - angsal saking Congres P. P. I. I. III ing Soerabaia.**

Gegajoetan lan wekdalipoen, margi sagedagan poenika mila katah sanget ingkang karembag, pramila sarèhning oetoesan sampoen ngewrat angsal-angsal poenika wonten ing Swara-Tama, Pangrèh ladjeng nawèkaken poenapa poenika perloe kaandaraken malih poenapa boten. Parepatan roedjoek boten kémawon, djer sampoen katah ingkang sami maos saking Swara-Tama. Oetoesan matoer sanget noewoen dateng parepatan lan mewahi sakedik ingkang perloe - perloe kanti tjekak.

**7. Oesoel - oesoel lan pitakénan:** 1. Sad. X. Poerwoatmodjo oesoel soepados para warga kersaa manggalih saèstoe lan tjetjawis rembag kanggé Congres P. P. I. I. IV ingkang tjalon katindakaken wonten Soerakarta.

2. Sad. Thr. Soealbirah oesoel: Sarèhning W. K. poenika katah ingkang karembag, lan malih sapoenika sampoen toemoet mbantoe P. P. P. P. A., kadjawi poenika sampoen dados warganing P. P. I. I. lan P. W. K. wedaling arta boten tjoendoek kalijan lebeting arta, mila njoewoen, soepados contributie mindaka boten kétang sakedik. Oesoel katampi lan ladjeng mindak 5 sèn.

**8. Panoetoep:** Djam 7,30 parepatan katoetoep kanti ngloehoeraken Asma Dalem.

*Verslaggeefster W. K.*

### PAREPATAN TAOENAN „K. W." SOERAKARTA. 11 - 1 - '31.

Manggèn ing Vergaderzaal Poerbajan. Tapoekipoen djam 10. Ingkang rawoeh sedaja 36 pamit 10.

**Rembag - rembag wigatos:**

**I. Pamboeka.** Pangarsa matoer noewoen dateng Rama G.A., para ingkang sami rawoeh lan dateng ingkang ngoewaosi vergaderzaal.

**II. Maosnotulen** tg. 12-10-30 kaabsahaken.

**III. Pekabaran.** *a.* Pembrantasan actie Ogawa. *b.* Serat saking P. K. W. bab statuten „Trijasa". Lan bab jaarverslag. *c.* K. W., P. P. K. D., W. K. lan Morgen - Ster sampoen damel Comité Merapi.

**IV. Jaarverslag 1930.**

1. Warga 1929 = 61, warga 1930 = 65.
2. Ledenvergaderingen setaoen ping 6.
3. Bestuursvergaderingen „ „ 14.
4. Buitengewonevergaderingen „ 5.
5. Arta mlebet setaoen f 109,60
   „ medal „ f 79,075
   taksih f 30,525
   saldo 1929 f 15,74
   saldo 1930 f 46,265.
6. W. K. Saé: samenwerken lan golongan ndjawi, dados warga P. P. I. I. Ngwontenaken tentoonstelling l. s. s.
7. C. C. Sl. Mempeng, madjeng, nggrengseng.
8. Spaarclub. Toekoel, tokol mèh metèkol.
9. Pangroekti-Laja. Kerep njamboet damel, bestiripoen tjakep, sregep, mantep!
10. Harta Loemaksa, moendoer.
11. Tooneelclub. Maremaken, tandangipoen tjoekat boten adjrih kangélan.
12. Holl. cursus. Wohipoen saé; wonten ingkang katrimah examenipoen 4 = 80% (K. E.). Matoer noewoen sanget dateng para ingkang sami moelang. Langkoeng-langkoeng dateng leideripoen.

**Pakarjaning K. W.**

13. Pados dana Likasan f 60,87. Dana Grédja Samaitan f 35,15. Dana Merapi enz.
14. Ambangoen comité kerstfeest.
15. Mitoeloengi R. W., Sw. Tm. lan oegi jasan - jasanipoen.
16. Ngwontenaken lezing-lezing (Kath. Soc. Actie, Economie lan Miss. Actie).
17. Bijwonen vergaderingen: B. O., P. P. P. P. A., P. P. I. I. lan Congres Ind. Moeda l. s. s.
18. Mitoeloengi tentoonstelling Melania ing sekatèn, aobade.
19. Ambrantas actie Ogawa, njebar boekoe-boekoe kirang saé toemrap moerid-moerid.
20. Ambangoen Comm. Tata - tjara. Wohipoen maremaken; pepak lan tliti! (Maremaken K. W.). Lan sanès-sanèsipoen malih!

**V. Bestuurshernieuwing.** Karembag samestinipoen. Poetoesan parepatan:

| | | |
|---|---|---|
| 1. Sad. | Martasoedarma | Voorz. |
| 2. Hr. | Soeradjiman | Secr. |
| 3. Sad. | Dwidjasepoetra | Penn. |
| 4. „ | R. Parmaka | 2de Voorz. |
| 5. „ | Dwidjasoesanta | 2de Secr. |
| 6. Mej. | Sawalijem | Comm. |
| 7. Sad. | Moedjasoesanta | Comm. |

**VI. Oesoel - oesoel.** 1. Béndjing jèn ambangoen Com. Dec. ingkang awal. 2. Jèn ragad njekapi, Congres badé kasegah tooneel. 3. Wekdal kanggé parepatan, K. W., P. P. K. D. enz. badé dipoenprenàta! 4. Ngadegaken Commissie Coöperatie.

**VII. Pitakénan.**

*a.* Poenapa boten nemtokaken oetoesan congres? Inggih! Ladjeng milih sadèrèk 7.

*b.* Béndjing poenapa ngwontenaken verificatie-comm. Kapasrahaken Bestuur!

**VIII. Panoetoep.** Djam 2,30 katoetoep kados adat.

Panitra: *Mdj.*

### PAREPATAN K. W. BLITAR 4 - 1 - '31 djam 10,30 — 1.

Warga ingkang rawoeh 17 tamoe 6 Rama Parampara oegi rawoeh.

Sadèrèngipoen parepatan kabikak, Pangarsa mèngeti kasangsaran margi koerdaning redi Merapi; sedaja sami djoemeneng.

**I. Pamboeka.** Parepatan kabikak kados adat saben.

**II. Oesoel - oesoel dateng P. K. W.**

*a.* Soepados P. K. W. ngoemoemaken wontenipoen pakempalan Goeroe doesoen Missie, woelanan, katoentoen déning Mantri Goeroe ingkang sampoen faham.

**Alasan.** Goeroe doesoen Missie ratjak taksih enèm, toer betah toentoenan, oepami:

1. Pamanggèn, sesrawoengan, administratie.
2. Pamoelang lan panggarapipoen staat-staat, katah ingkang dèrèng koelina.
3. Sadèrèk Goeroe doesoen Missie koewadjiban ndeder kaoetamèn; rékanipoen saged karembag ing pakempalan.
4. Sadèrèk Goeroe doesoen Missie sageda montjèr kaoetamèn lan kasagedanipoen, bab poenika oegi sageda karembag ing pakempalan. Margi saking oesoel *a* ladjeng wonten oesoel *b* inggih poenika:

*b.* P. K. W. sageda njamboet damel kalijan Stichting sesarengan.

*c.* P. K. W. mboedidaja, soepados sedaja warganing pakempalan Sociaal ingkang dipoenajomi K. W.-K. W. menawi pindah, sageda dados warganing pakempalan kasebat tanpa entree.

*d.* P. K. W. ngoedija soepados boekoe-boekoe wedalan Lectuurfonds kakintoena dateng K. W. - K. W. oetawi para sadèrèk Katholiek ingkang manggèn ing papan ingkang tanpa K. W. minangka kanggé advertentie, soepados saged katawèk - tawèkaken dateng para kadang Katholiek.

**III. Oetoesan Congres.** Dipoenroedjoeki. Ingkang kapilih sadèrèk R. S. Rahadi (Pangarsa) lan sadèrèk A. S. Martasoedarma (Panitra).

Pandjenenganipoen Rama Parampara badé maringi sangoe f 5.—

**IV. Pitakénan.** Wonten sedèrèk ingkang oesoel soepados K. W. Blitar ngwontenaken Cursus kasarasan, nanging boten saged toemindak, awit boten wonten ingkang noentoen. Woesana badé kaoesoelaken dateng P.G.H.B.

**Maos serat saking P. K. W.** ingkang soeraosipoen:

*a.* Gegajoetan kalijan Nawala Dalem Kangdjeng Bisschop van Velsen ingkang kaseboet ing Sw. T. bab Commite Radio omroep, P. K. W. ngoemoemaken soepados K. W. - K. W. mitoeloengi madosaken warga, ingkang koewadjiban njoekani contributie f 1.— ing setaoenipoen. Poenika badé karembag bibar Congres soepados saged tjeta.

*b.* Gegajoetan kalijan koerdaning redi Merapi P. K. W. ngoemoemaken soepados K. W. - K. W. sami rerèntjang madosaken dana. Poenika badé karembag béndjing Ngahad 11-1-'31 sesarengan kalijan P. P. K. D. Dipoenroedjoeki.

*c.* Soepados oesoel-oesoel dateng P. K. W. Jaarverslag saha wangsoelan bab onderwijs stichting „Trijasa" énggal kakintoena. Badé teroes kakintoenaken.

*d.* Ingkang dèrèng mbajar contributie dateng P. K. W. toemoenten ngintoena.

**V. Panoetoep.** Parepatan katoetoep kanti ngloehoeraken Goesti Allah.

*Verslaggeefster.*

### PAREPATAN WARGA K.W. KLATÈN 11 Januari 1931.

I. Parepatan manggèn wonten Standaardschool Sidawajah. Ingkang ngrawoehi 20 lan tamoe 1. Kabikak ± djam 10; katoentoen déning Moeda pangarsa sadèrèk Martawihardja.

II. Maos pèngetan parepatan ingkang sampoen pinanggih absah.

II. Sesorahipoen Padoeka G. A. bab Katholieke actie. Wosing pangandika kados ngandap poenika:

K. W. Klatèn poenika kénging kawastanan setengah pedjah, amargi para warga dèrèng mangertos toedjoening pakempalan. Katholieke actie tegesipoen actie ingkang mbantoe Pasamoean Soetji. Wiwit djaman kina mila sadaja tijang Katholiek: djaler èstri, enèm sepoeh kedah mitoeloengi para Rasoel anggènipoen ngengèn méndanipoen inggih ing bab djasmani lan rohani. Langkoeng - langkoeng djaman samangké, ngèngeti tjatjahing tijang Katholiek wonten 340 joeta, mangka para Pastoer sakedik sanget jèn katanding kalijan tijangipoen Katholiek, mila sadaja tijang Katholiek boten mawang bangsa, enèm sepoeh, djaler èstri, prijantoen oetawi koeli, kedah ambantoe dateng Pasamoean Soetji. Soepados saged mitoeloengi dateng para Pastoor anggènipoen sami makarja ingkang kalajan jektos kedah kawontenaken pakempalan. Inggih pakempalan poenika ingkang saged mitoeloengi Pasamoean Soetji. Ingkang kénging dados warganing pakempalan waoe sadaja tijang Katholiek ingkang ing mangsa Paskah taksih tampi Communie Soetji. Mitoeroet pangandikanipoen Kangdjeng Santo Rama: tijang Katholiek ingkang ing mangsa Paskah boten tampi Communie Soetji kedah kawedalaken saking pakempalan.

Pakempalan ingkang toedjoenipoen mitoeloengi dateng prakawis djasmani, oepami ingkang ngrembag prekawis blandja dipoenwastani: *Vakorganisatie oetawi vakvereeniging (Standorganisatie).* Katholieke actie inggih koewadjiban moelang dateng para warganipoen soepados saged ngertos dateng prakawis politiek. Pakempalan ingkang ngrembog prekawis politiek dipoenwastani: *Politieke actie.*

Ing sarèhning Katholieke actie toedjoeanipoen mitoeloengi dateng prekawis djasmani lan rohani, mila sadaja tijang Katholiek koewadjiban ambantoe dateng para Pastoor anggènipoen sami makarja, oepami moelang moeroek soepados saged dados tijang saé, nembah dateng Goesti Allah, tresna dateng sesami enz.

Bakda poenika Moeda pangarsa ngèngetaken dateng para warga K. W. kersaa anggegèndèng dateng sadèrèk Katholiek sageda mlebet dateng K. W. lan gadah tjita - tjita badé ngempalaken para poetri Katholiek ing Klatèn sageda dados W.K.

VAN LITH-STICHTING

Soemangga sami

ngersakaken dados

„CONTRIBUANT"

V. L. S.

Penningmeester V. L. S.

p/a 2e Convict.

Moentilan N. I. S.

Sadèrèk Bratawiratma ngendika ing sarèhning ing Statuten K. W. dèrèng wonten ingkang moengel: Para warga K. W. manawi ing mangsa Paskah boten tampi Communie Soetji kedah kawedalaken saking warga, soepados kalebetaken ing Statuten.

Sadèrèk Soetadi nambahi soepados pakempalan sociaal mawia pangajomaning para Soetji.

IV. Ngrembag radio kapangandikakaken padoeka G. A. kanti terang, ngantos sadaja ingkang sami lenggah wonten ing parepatan sami dados warga.

Ingkang sami dados propagandist:

| Kanggé ing Klatèn. | Kanggé Wedi. |
|---|---|
| 1. Sad. Padmawinata. | 1. Sad. Tjakraatmadja. |
| 2. „ Sastrawerdaja. | 2. „ Karsawihardja. |
| 3. „ Partawardaja. | 3. „ Soedarma. |
| | 4. „ Darmawardaja. |

V. Ngrembag Merapi. Sedaja rembag kapasrahaken dateng pangrèh. Pangrèh K. W. badé sesarengan njamboet damel kalijan P. P. K. D. poenapa déné pakempalan sanèsipoen ing kita Klatèn menawi sami kersa.

VI. Oetoesan ingkang dateng Congres P. K. W.:

1. Sad. Bratawiratma.
2. „ Sastrawinata.
3. „ Gandawarsita.
4. „ Tjakraatmadja.
5. „ Soetadi.

VII. Nampi warga énggal: sadèrèk Gitasastra lan sadèrèk Ngadi.

Pakempalan katoetoep ± djam ½ 2 kanti wiloedjeng.

KLATÈN, 13 Januari 1931.

*P. Wardaja.*

# E C O N O M I E.

### SESEREPAN DAGANG.

*(Sambetipoen: Ing sapoetjaking Panggoeng Economie).*

Sapoenika poepoeng sela, mangga para prijantoen, koela atoeri midangetaken dongèng koela bab Vennootschap.

Vennootschap oetawi piroekoenan dagang poenika wonten warni tiga: *(Pènget:* coöperatie boten klebet babagan vennootschap, bab poenika badé karembag mligi pijambak) *) (a) firma (b) commanditair (c) tanpa nama.

Bédanipoen piroekoenan dagang tetiga waoe mekaten:

***

(a) Firma, (oetawi: vennootschap onder Firma) poenika piroekoenaning tijang kalih oetawi langkoeng, ingkang bebaton dagang mawi nama satoenggal; (nama satoenggal ngriki *kénging* kedadosan saking nama nanging kalih oetawi langkoeng, nama² waoe ladjeng dados sa-nama, boten kénging kapetjah malih).

Anggènipoen ngedegaken piroekoenan waoe kedah mawi pratanda serat (lan prajogi kaseksèkaken Notaris), lan pratanda waoe sedaja oetawi sapérangan kedah kaseksèkaken ing pradata ing papanipoen ngedegaken soepados kainggahaken boekoe.

Pratanda waoe adat mawi njeboetaken: pinten oeroenipoen satoenggal - satoenggalipoen, kadospoendi badé pangedoeming bati, (sawenèh wonten ingkang boten oeroen arta, nanging namoeng oeroen *baoe)* kados-poendi wangsoeling pawitan jèn kabibaraken lss.

Déné ingkang perloe poenika: firma poenika lidipoen sadaja sami gadah tanggelan toemrap firmanipoen samboetaning firma inggih samboetanipoen ingkang damel, (senadjan firmanipoen sampoen pedjah). Barang darbèkipoen para oeroen sadaja dados tanggelan jèn firma manggih ribed.

Tijang damel firma jèn boten kaleresan boten namoeng saged kétjalan oedoenipoen kémawon, nanging barang darbèkipoen *sadaja* (ingkang wonten ing grija, grija, pasitèn, lss.) saged katoet.

Oedoenipoen para warga boten kedah kabajar sah sami sanalika, lan para warganing firma inggih asring kaseboet *firmant.*

Sagedipoen para firmant taksih kedah nanggel samboetanipoen firmanipoen, senadjan firma waoe sampoen kabibaraken:

(1) jèn firma waoe kabibaraken dèrèng ngantos kainggahaken boekoening pangadilan ing papan ngrikoe,

(2) jèn kesoepèn dèrèng kakabarken ing koraning - pamaréntah (Java Courant) lan *salah satoenggiling* koran-padintenan ing papan ngrikoe.

***

(b) piroekoenan dagang *commanditair* oetawi commanditaire vennootschap, poenika

piroekoenan dagang ingkang warganipoen kapalih

sabagéan toemandang,

sabagéan mligi oeroen pawitan.

*(jèn firma sadaja toemoet toemandang).*

„sabagéan" ingriki kénging namoeng woedjoed tijang satoenggal.

I. Bagéan ingkang toemandang nama: beheerende *oetawi* werkende vennooten.

II. Bagéan ingkang mligi oeroen arta nama: stille *oetawi* commanditaire vennooten.

Bagéan I. poenika *sadaja* barang darbèkipoen kénging kabeslag samangsa tokonipoen bangkroet, (plek sami kalijan para warganing firma).

Bagéan II. boten, tjilaka-tjilakanipoen namoeng kétjalan oeroenanipoen tok. Mila bagéan II. babar pisan boten kénging toemoet nindakaken padaganganipoen lan namanipoen boten kénging dipoenanggé ing namaning tokonipoen.

Pawitaning piroekoenan commanditair kénging kagambar makaten:

A, oeroen f 25.000

B, oeroen f 50.000, saweg kabajar f 25.000; (A. lan B. katetepaken njepeng toko).

C, oeroen f 10.000.

D, oeroen f 15.000.

E, oeroen f 15.000.

(C. D. E. saweg sami ambajar 15%-ning oeroenan, lan tetep boten toemoet tjampoer oeroesan dagang, alijas: stille *oetawi* commanditaire vennooten).

Senadjan, stille vennooten boten kénging kabeslag radja-darbénipoen samangsa panggaotanipoen bangkroet, nanging jèn bangkroet, samangsa oeroenipoen dèrèng sah, *kedah* dipoensahi.

Oepami C. nginggil waoe ingkang oeroenipoen f 10.000. saweg kabajar 15% oetawi f 1500; samangsa panggaotanipoen bangkroet, kiranging oeroen (f 8.500) kedah dipoensahi roemijin.

***

(c) Piroekoenan dagang tanpa nama, tegesipoen ingkang sami baton boten kedjibah nanggel samboetanipoen penggaotanipoen samangsa bangkroet. Piroekoenan poenika adat kaseboet: Naamlooze Vennootschap, oetawi kerep katje N. V.

Jèn wonten N. V. bangkroet para oedoe oetawi *aandeelhouders* boten kénging kabeslag radjadarbèkipoen. Tijang ngedegaken N. V. tjilaka-tjilakanipoen namoeng kétjalan oedoenipoen, pleg kados commanditaire oetawi stille vennooten, (ing bagéan: b golongan II).

*) Bab Vennootschap lan Coöperatie ingkang tjeta pijambak karembag ing boekoenipoen W. Kreukniet: Prachtisch Boekhouden III; 230 katja. (And.)

# INGKANG KOELA ALAMI WIWIT SAKING BETAWI DOEMOEGINIPOEN NAGARI WELANDI.

II.

Tanggal 16 Augustus '30 siang wantjinipoen djam 12, baita loemebet palaboehan Belawan Deli. Katingalipoen ing rikoe palaboehan saé lan wijar sanget, kinten - kinten kalijan Tandjoeng Prioek sasap sakedik. Koela sakantja sami toeroen. Badé dateng Medan, ketebihen. Kitanipoen pijambak alit hotèlipoen ingkang radi ageng namoeng wonten sawatawis; restaurant alit-alit katah sanget! Glédrahipoen andjenesi sanget! Ingkang kénging dipoensawoengi namoeng sadonipoen, kapalipoen alit - alit, nanging tjoekat-tjoekat! Koela mireng slentang-slenting manawi Belawan Deli badé kadadosaken Oceaanhaven(?)

Baita njipeng sedaloe, éndjingipoen djam 9 pangkat malih. Lampahing baita mboten tebih saking pasisir. Tiningalan saking baita, namoeng katingal idjem, wingkinging idjem redinipoen katingal lamat-lamat.

Kinten-kinten djam setengah tiga daloe, baita loemebet palaboehan Sabang. Malah baita „Baloeran" oegi gadahaning „Rotterdamsche Loyd" (17000 ton) sampoen ndjenggenek wonten ing rikoe.

Plas koela ladjeng kèmoetan, manawi wonten pastoor Djawi kalih ingkang wonten ing Baloeran waoe. Éndjing sasampoenipoen sarapan, koela kalijan sadèrèk kalih merlokaken dateng baita ageng waoe, soemedya badé manggahi Rama-rama waoe. O, ketingalipoen ing rikoe bingah sanget, mriksani koela sakantja badé pangkat dateng nagari Walandi, perloe badé andjoendjoeng dradjad koela Katoelik Indonesia.

Koela sadaja ladjeng dipoenoebeng - oebengaken wonten ing Baloeran rikoe. Sarèhning wekdalipoen inggih ngojak sanget, djer baita djam 8 kedah pangkat, inggih kapeksa noegel anggènipoen gegoedjengan oetawi ngandikan bab prakawis missie ing Indonesia. Koela pijambak inggih gela sanget mboten saged witjantenan ingkang kalajan sakétjaning manah, sedaja sarwa kesoesoe. Koela sakantja ladjeng ngentir loemadjeng dateng baita koela pijambak.

A. K.

# KABAR SAKING BETAWI.

II.

*Barang ingkang aèng lan barang ingkang wadjib kasoemerepan toemrap tijang énggal.*

Poenapa ingkang aèng ing Betawi? Katah sanget oetawi boten wonten!

*Lo kados-poendi kok makaten?*

O inggih, makaten widjangipoen: toemrap sadèrèk Kalibawang, ing Betawi katah sanget barang ingkang aèng. Toemrap sadèrèk saking „kita" Ngajodja oetawi Sala, ing Betawi katah barang ingkang aèng-aèng; toemrap sadèrèk ingkang sampoen naté pirsa Paris, Singgapoer, Ngeroem, Lourdes, London. Tokyo: Betawi babar pisan sepi barang ingkang aèng-aèng.

Toemrap prijantoen Djawi tengah ingkang dèrèng naté, badé, oetawi saweg rawoeh ing Betawi prajogi priksa ing ngandap poenika:

Ing Betawi *setasijoenipoen* ingkang ageng sekawan: Meester Cornelis, Senèn (Weltevreden), Manggaraï (Weltevreden) lan Betawi.

Ing Senèn poenika wonten ondergrondsche gang, margi medal ngandap, njalangi soepados para késahan boten kesel ngloempati ril! lan .... njoeda katahing kasangsaran. Ing ondergrondsche gang ngrikoe adjeg kapadangan lampoe electrisch lan adjeg wonten ingkang djagi.

Menawi nitih *trèm*, minggah oetawi mandap kedah nengen, boten ngiwa. Poenapa déné jèn ngentosi trèm, kedah wonten tengening trèm ingkang badé dipoentoempaki.

Senadjan conducteur soemerep, nanging jèn pandjenengan ngentosi wonten kiwaning ril, boten badé angsal kori! Zaken zijn zaken ..... en voor de veilihgeid.

Lan kedah pirsa oegi jèn trèm ingkang mawi stoom (sanès electrisch) sadaja rilipoen dobel: ril setoenggal adjeg kanggé mlampah soelaja kalijan satoenggalipoen, dados boten badé wonten trèm tempoek.

Tijang ngentosi kedah wonten ndjawi ril, lan wonten satengening trèm ingkang badé dipoentoempaki.

Dados tetéla petoekaning trèm soelaja kalijan montor lan tetoempakan oemoem: Djalan kanan lan djalan kiri!

Lan trèm wonten ing halte kèndelipoen sakedap sanget, terkadang boten kèndel babar pisan. Sanadjan wonten ingkang ngentosi, jèn katingal ingkang ngentosi waoe saged njéngklak (tijang djaler boten mbebekta toer taksih kijat), pengerèmipoen prasasat namoeng dipoendjimpit, tegesipoen: namoeng stoom dipoensoeda sawatawis! Jèn makaten ingkang ngentosi kedah tanggap, kedah ngertos pijambak, kedah tangan ladjeng tjepengan, soekoe mladjeng, ladjeng ber..... njéhgklak.

Jèn wegah, mangké ngentosi trèm sanèsipoen kémawon..... ingkang mbokmanawi poeroen ngerèm radi loma. (trèm 2, 3 terkadangan oeroetoeroetan, makaten oegi bus!)

Mila boten nggoemoenaken jèn tijang énggalan asring dawah, oetawi prijantoen èstri asring wegah.... ngémoeti geminipoen poen rèm!

Ing *kantor pos* ingkang ageng-ageng sadaja lokèt dipoen nomeri, bab poenika saja nggampilaken lampah, nanging kala-kala inggih ngometaken sirah.

Poen A tijang énggal; badé mendet aangeteekend stuk, serat panggilan dipoentoengakèn panggénan lokèt aangeteekend stuk, wonten ngrikoe tampi djawab: èlf!

A boten ngertos, „apa iki tegesé?" A meksa ngentosi.

Ladjeng elf waoe dipoenoeloer dados: lokèt elf! A dateng lokèt elf. Wonten ngrikoe petoek kaoerek-oerek lan kaetjap.

*(Badé kasambet).*

**M. v. BIENE.**

Toekang herlodji dan Toekang emas.

Adres jang moerah

DJOKJA — BANDOENG
Telf. 252 — Telf. 226

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.

Pembatja SWARA TAMA, dengan bawa lembaran Swara Tama dapat POTONGAN.

**FRIELING'S GLANSVERF A**

kanggé ngetjèt ndjawi lan nglebet grija, kantoen ngoesaraken kémawon, teroes kénging kaanggé.

| Dipoenwadahi blèg netto | 10 | 5 | 2½ | 1 | ½ | KILO |
|---|---|---|---|---|---|---|
| sa-blèg ..... | 10,50 | 5,50 | 3 | 1,30 | 0,75 | roepijah |

IJzermenie mawi ijzeroxyde 80 doemoegi 90%, kantoen ngoesaraken kémawon, teroes kénging kaanggé.

| Dipoenwadahi blèg netto | 10 | 5 | 2½ | 1 | ½ | KILO |
|---|---|---|---|---|---|---|
| sa-blèg ...... | 7.- | 3,75 | 2,15 | 0,95 | 0,55 | roepijah |

Loodmenie toelèn, regi oegi sami samanten.
„ „ garing woedjoed boeboekan dipoenwadahi tong à 50 Kilo, sa-tong **F 28,50.**

**Verffabriek R. B. FRIELING**
HOEKHUIS GONDHOMANAN SAJIDAN — DJOKJA.

Boeat toean poenja **Recept**

ERCEE

APOTHEKEN **Rathkamp & Co**
MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

**Toko DJOEN & Co., Djocja.**
PATJINAN MOEKA TOKO FUJI — TELF: No. 374.

Adres jang paling moerah dan paling baik boewat pembikinannja.

**ROTIE-ROTIE, KOEWEE-KOEWEE dan BESCHUIT-BESCHUIT KERING.**

**SROETOE-SROETOE dan ROKOK-ROKOK, jang haloes dan kasar.**

Djoega slamanja djangan loepa minoem kita poenja KOFFIE BOEBOOK, jang speciaal die giling dengan machine Electries, bisa giling aloes dan kasar, menoeroet pembelie poenja permintaän die tanggoeng sampee menjenengken, harga per pond f 0.90.
Bolih dateng saksiken!

Memoedjiken dengen hormat
**Toko DJOEN & Co.**

TOKO BARANG-BARANG
H. SPIEGEL — Djokja.

**ADRES JANG PALING BAIK, boeat:**

Eetserviezen — Theeserviezen: f 5,75.
Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer;
Kereta dan korsi boeat anak-anak;
Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan
— permainan boeat anak-anak ketjil. —

SEMOEA BARANG PALING DJEMPOL, DAN MOERAH SEKALI!

:-: AGENT :-:
BOEAT SELOEROEH DJOKJAKARTA.

**Speda-speda merk:**
SIMPLEX Cycloide, S. koening, S. poetih dan SIMPLEX TRANSFER.
HIMA: Wassenaer, Rondrit, Oranje dan Woestduin.
TOURIST: AA dan A.

**Ada sedia djoega speda merk:**
RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE — BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONING.

Apalagi sedia djoega speda jang sedikit harganja, moelaï f 55.—, f 65.—, f 75— dengan perkakasnja: klinting, pompa, lentera, dan tasch berisi perkakas koentji dan tempat minjak.

Baroe terima per S. S. SLAMET dan JOH. DE WITT speda merk: ROVER Iperial, Continental, The Rover dan Metallicus.

Ada sedia djoega: Djas hoedjan, Kopper, Lentera Stormking, Almari besi dan tjat wenter.

**PENDJOEALAN A CONTANT ATAU BOLEH DI ANGSOER.**
**Kalau maoe minta keterangan, akan dikirimi keterangan dengan pertjoema.**

Mengharap pesenan:
**Rijwielhandel, Reparatie-inrichting dan Smederij:**
**WIRJOSOESENA**
LODJI KETJIL 16 DJOKJAKARTA TELF. No. 13.

djawah. Ing dinten poenika oegi lèpèn Lamat, Blongkèng, Pabélan, Batang sami bena, wiloedjeng. Padoesoenan salèr Sroemboeng tijangipoen ingkang sampoen sami wangsoel kadawoehan ngili malih. Doesoen Balong ingkang nama kapinoedjon boten katradjang ing lahar oegi kedah kasoewoengaken, tetijangipoen dalasan Kjai Balong sampoen poeroen dipoenbojong dateng Magelang. Idin kénging ningali padoesoenan ingkang katradjang ing lahar kapeksa kadjaboet malih.

Poenika leres! Manawi pantjèn taksih moetawatosi prajogi kasetop. Tijang boten wonten perloenipoen!

### Kanggé kasangsaran Merapi.

R. S. Adisiswaja Ardj. sch. Bandjarnegara ...... f 0,25. Sinten malih?

### Te kort.

Manoet pétangan ing begrooting soesoelan taoen 1931 poenika Negari *te kort* f 59.484.182. Ingkang poenika badé wonten bezuiniging ingkang keras!

Ngatos-atos! Menawi boten dipoentambeli samboetan poenapa badé kasampetan te kort-ipoen mawi tjara bezuiniging tok!

### Prangko Jeugdzorg.

Panjadéning prangko Jeugdzorg sarèhning katah ingkang boten mangertos, toer nama tjobèn, kaoeloer malih sawoelan engkas.

Pados arta dana srana prangko makaten poenika pantjèn kirang praktisch, toer kedongan malaise. Mangga moempoeng taksih sawoelan kaparenga sami moendoet ngiras dana!

### Coöperatie.

Kedjawi Banjoemas Salatiga oegi saweg modèl Coöperatie, ada-adanipoen B. O.

Pantes ingalembana, pantes tinoelad. Nanging ...... sampoen kados adatsaben ..... ladjeng djelèèèh! ...... Gandèng kalijan modèlipoen Coöperatie, ing soesoelan begrooting 1931, Negari njedijani arta f 10.500 kanggé blandjanipoen ambtenaar ingkang badé kadjibah njoekani toentoenan prekawis Coöperatie. Manawi wonten kala mangsanipoen sami djelèh ..... ambtenaar waoe poenapa teroes?

### Istri Sedar.

Pakempalan èstri énggal poenika sampoen gadah afdeeling-afdeeling, sarta badé damel Congrès ing Betawi béndjing Paskah.

Emancipatie-nipoen poeteri Indonesia, saja dangoe saja tjeta! Nanging Emancipatie poenika manawi ladjeng kesoepèn dateng wadjibing tijang sesémahan saha koewadjibaning èstri .... malah ndrawasi!

**Koeli kontrak.** Dipoenkabaraken bilih éwon bangsa koeli kontrak sami wangsoel saking Dèli margi malaise.

Centraal Comite mitoeloengi tijang nganggoer ingkang mentas ngadeg poenika ingkang badé dipoenpitoeloengi namoeng Europeanen kalijan bangsa priboemi saha Tiong Hwa ingkang gesangipoen satjara Europeanen. Dados koeli kontrak enz. enz. boten kalebet kolom, mangka tijang makaten poenika — ingkang dèrèng patos ontwikkeld — manawi loewé jektos saged mbebajani ing gesang oemoem.

Éwasamanten malah boten kopèn, dalasan Negari oegi boten menggalih bab poenika.

**Pemanggih énggal.** Dr. W. K. Martens sampoen saged manggih ingkang ndjalari sakit bentèr gangsal dinten (vijfdaagsche koorts) inggih poenika bangsanipoen culicines (bangsa lemoet).

Pemanggih poenika migoenani sanget. Djer manawi pinanggih ingkang ndjalari badé langkoeng gampil panoelakipoen!

### Pilihan warga énggal Volksraad.

Doemoegi dinten panjerating pakabaran poenika, manoet ingkang katjeta wonten stembureau pilihan warga Raad Kawoela, ingkang sampoen kapilih dados warga Raad Kawoela:

*R. A. A. Wiranatakoesoema*, boepati Bandoeng;
*M. Oto Iskandar*, pangarsa H. B. Pasoendan;
*R. D. Wiradiatmadja*, patih Volkstelling;
*R. Prawata*, patih Bodjonagara;
*R. A. Koesoema Oetaja*, warga Rd. Kwl. voorz. H. B. B. O.;
*R. A. A. Gandasoebrata* boepati Banjoemas;
*M. Soetarja*, patih Gresik;
*R. P. Soerasa* partikelir, lid gemeenteraad Modjokerto;
*R. A. A. Soejana*, tilas boepati Pasoeroewan, lid Rd. Kwl.;
*R. Soekardja* Wirjapranata, lid landraad Malang;
*K. P. H. Adiwidjaja*,
*Goesti Mohamad Noer*, (Borneo).

## MANTJA NAGRRI.

### DJERMAN BADÉ NEDA WANGSOEL DJADJAHANIPOEN.

*Tentreming bawana!* Poenika pangèstinipoen djagad Kilèn. Karoekoenan poenika ingkang tansah kanggé sekar lambé. Nanging.....

Sampoen misoewoer, bilih perang donja, andjalari hantjoeripoen *Djerman*. Tanah ngrikoe dawah ing kasangsaran. Soegih samboetan, toer kétjalan sadaja djadjahanipoen.

Nanging, wiwit kina mila, bangsa Djerman adamel tjingaking djagad. Namanipoen misoewoer ing poendipoendi. Tékadipoen kentjeng. Mila sabakdanipoen kawon perang, kados poenapa kémawon pangoedinipoen, soepados saged poelih kados wingi oeni. Lan .... inggih sasat sampoen kalampahan. Aosipoen arta Djerman ladjeng poelih, kados kala dèrèng keplorod. Mangka, tanah Parangakik ingkang elokipoen oenggoel ing joeda, aosing artanipoen malah dèrèng saged poelih. Poenika amratandani, agenging katijasanipoen pradja Djerman. Amratjihnani oegi agenging raos kabangsan Djerman anggènipoen angreksa koentjaraning nagarinipoen.

Sanadjan taksih gadah samboetan katah dateng Amérikah, Djerman meksa sampoen katingal radi ambegènggèng, lan sampoen kaoedi panjaoeripoen sageda langkoeng majar tinimbang sapoenika. Sarta inggih kapitoeroetan.

Nanging, .... Djerman taksih dèrèng tarimah. Itjaling djadjahanipoen poenika sanget kaprihatosaken. Sarta sampoen wonten titikipoen bilih pradja ingkang ngéring-éringaken poenika badé *neda wangsoel djadjahanipoen.*

*Neda wangsoel djadjahanipoen!* Ébah-ébahan poenika sampoen wijar tebanipoen. Wiwit sakésahipoen soeldadoe Parangakik saking tanah djadjahan lèpèn Rijn, prakawis poenika tansah dados tatantjebing tjiptanipoen. Sarta lampah djantranipoen politiké *dr. Stressmann*, inggih mrikoe poenika toedjoenipoen.

Ingkang mandégani ébah-ébahan „ndjaloek baliné tanah djadjahan" ing Djerman, poenika toewan *dr. Heinrich Schnee*, tilas goepernoer ing Afrika Wétan bawah Duitschland, sarta ingkang sapoenika ladjeng dados warganing Rijksdag. Sardjana poenika, kala Désèmber medar sesorah bab djadjahan Djerman" wonten ing Berlijn. Sesorahipoen makaten:

„....Ing kalangan bangsa Djerman ana obah-obahan gedé. Kasoesahan babagan doewit, andjalari saja akèh wong-wong sing soemoeroep jèn dictaat ing Versailles sarta pepantjèn-pepantjèn padjeg, andjalari rekasaning oeripé bangsa Djerman. Loewih-loewih déné tanah-tanah kang dadi djadjahané bandjoer pada diepèk. Djerman koedoe toekoe tjatjagaking oerip sarta babakal kanggo dandanan warna-warna saka wetoening tanah djadjahan. Moelané gèk *keprijé baé bisané Djerman sing kaja mangkono ikoe, djor-djoran karo bangsa-bangsa lijané kang pada doewé soember pangasilan ana sabrang laoetan.* Gèk keprijé bisané Djerman amènèhi pangan bangsané déwé kalajan tjoekoep, manawa djagad ora gelem ngroemangsani jèn djiwané toerah-toerah, sarta ora gelem nglarangi leboening wong marang tanahé (immigratie).

Djerman diilangi tanahé djadjahan. Mangka djadjahan maoe djembaré tikel ping nemé tanah Djerman ing wektoe saiki. Keprijé enggonkoe pada golèk leliroening tanah iki? Liliroe koewi ora ana. Moelané *Duitschland koedoe ndjaloek baliné djadjahané kanti kentjenging ati.*

Tanah djadjahan Rijn wis resik, soeldadoe Parangakik wis loenga. Saiki tekan mangsané, Djerman koedoe mboedi daja baliné djadjahané. Apa sing kelakon ing samengko? Akoe kabèh koedoe mangerti kloetak-kloeteké Inggris.

Minister-djadjahan Inggris sing awatak conservatief, t. Amery, enggoné molahaké kemoediné bisané Afrika Wétan bawah Djerman sing dadi reksané Volkenbond bandjoer mèloe bawah Inggris, disiké disangkani nganakaké Hilton-Young-Commissie, lan wawasané kongkonan Wilson, (vice-staatssecretaris ing kanajakan tanah djadjahan) menjang Afrika Wétan .... Regeering conservatief bandjoer digentèni papréntahan kaoem boeroeh, papréntahané Mac Donald.

Wong-wong ana sing ngandel manawa papréntahané kaoem boeroeh bakal njoelajani pepréntahan concervatief.

Kanselier Schatkist sing saiki, Philip Snowden dèk taoen 1926 wis gawé karangan asisirah, djadjahané Djerman balèkna."

Ing karangan maoe, didoenoengdoenoengaké kalajan gamblang jèn kanggo tentreming bawana sarta karoekoenan bangsa, perloe banget djadjahan Djerman dibalèkaké.

Snowden maoe angandakaké, toemrapé Baritanijah kang wis soegih djadjahan ana ing sabrang laoetan, ora ana perloené oepama ambadala kakarepané Djerman toemrap tanah djadjahané. Nanging éman déné kabinèt kaoem boeroeh ing Inggris iki ija agawé gela. Awit, toemeka sapréné ora ana rasan apa² arep ambalèkaké djadjahan Djerman. Oesoelé *Lord Rothermere* sawidjining wong misoewoer ing djagad lajang kabar, soepaja djadjahan Djerman kadjaba Afrika sisih Kidoel Koelon dibalèkaké, dadi ora ana timboelé. Malah, papréntahan kaoem boeroeh ing Inggris saiki iki oesoel kang larasé ija arep nglebókaké Afrika Wétan dadi bawah Inggris. Paréntah angetokaké *Witboek* isi oesoel koekoeban tanah mandaat ing Afrika Wétan karo tanah djadjahan sairingé kono jaikoe Oeganda lan Kenya, didadèkaké sidji baé lan bandjoer dibawahaké Komisaris loehoer bangsa Inggris.

Galagat-galagat sing mangkono maoe, didoewa temenan déning swargi t. Gustav Stressemann ana ing Volkenbond lan Rijksdag. Samono oega sing nggentèni t. Stressemann, dr. *Curtius*, ija banget anggoné andoewa pikarepé Inggris kang mangkono maoe. Manawa oesoel ing Witboek maoe kalakon ditindakaké, ikoe tegesé ora ana loro kadjaba moeng arep nglebokaké Afrika Wétan dadi djadjahan Inggris. Baritanijah ora kena goemampang ngepèk tanah kang semono gedéné.

Dadi wewenang lan kaboetoehan Djerman saiki kambah bentjana.

Gégémbong Djerman ing kalangan ékonomie pada arep ngadjak kowé kabèh bangsa Djerman, amrotès lekas kang kaja mangkono. Lan welingkoe, bijantoenen protest maoe!

***

Mekaten wosing sosorahipoen *dr. Heinrieh Schnee*, goepernoer ingkang wekasan pijambak kala Afrika Wétan taksih kabawah Djerman. Djerman badé akekablak nggajoeh ing langit.

Nitik ing nginggil, dados tétéla bilih Éropah ingkang anggajoeh dateng tentreming bawana poenika, tansah kalimpoet ing mendoengpolitiek, ingkang sisih sembiripoen saged andjalari djawah mimis toewin drèl.

## KASARASAN.

### SAKIT OENTOE.

Manawi tijang badé mangertos kawontenanipoen sakit oentoe poenika prajoginipoen ngertosa roemijin dateng pérang-péranganing oentoe. Péranganing oentoe ingkang toemantjep ing wang poenika namanipoen *radix* (ojod), ingkang katoetoepan ing goesi namanipoen *collum dèntis* (goelon oentoe), déné ingkang katingal ing djawi namanipoen *corona* (makoetan).

Oentoe poenika sanadjan kagolong baloeng, nanging atosipoen ngoengkoeli baloeng limrah. Ing ojodipoen kaboentel kawoedjoedan ingkang warninipoen kados cemènt, radi djené, déné baloeng ingkang wonten ing corona poenika kaboentel ing émail oetawi glazuur, ingkang atos sanget. Poenika ingkang djan minangka bètèngipoen oentoe, soepados sampoen ngantos wonten satroe ingkang saged loemebet.

Salebetipoen oentoe poenika wonten bolonganipoen isi soengsoem sarta saraf-saraf lan margi-margining rah.

Ingkang badé koela rembag poenika bab sakit oentoe, nanging kawoeningana: sakit oentoe poenika warni kalih: sakit ingkang karaos wonten ing oentoe lan pantjèn oentoenipoen ingkang sakit. Sakit ingkang karaos ing oentoe poenika saged oegi sakitipoen wonten ing sakiwa tengening padaran, nanging ladjeng toemoesipoen doemoegi ing oentoe, awit karaos sakit ing oentoe poenika namoeng tanda kémawon kados déné bentèrtis poenika inggih namoeng tanda kémawon, djalaran sakit poenapa kémawon saged ngwontenaken bentèr tis.

Wondéné manawi tijang sakit oentoe sarta ingkang djan sakit inggih oentoenipoen, poenika inggih warniwarni. Ing ngriki boten perloe koela seboetaken sadaja, namoeng wonten satoenggal ingkang kalebet kerep kelampahan inggih poenika ingkang dipoenwastani *cariès.*

Menggah cariès makaten boten sanès namoeng sesakiting oentoe kabekta saking risaking glazuur lan baloeng oentoe. Wondéné risakipoen waoe sababipoen warni-warni kadosta: margi glazuur bentèt. Para maos temtoenipoen sampoen naté ngiling-ilingi piring ingkang dédé porselin. Piring kados makaten poenika dipoensoekani glazuur. Amargi dipoenasahi mawi toja bentèr, lamilami ladjeng bentèt, katingal pating glaler.

Glazuur oentoe poenika langkoeng déning atos, éwasamanten manawi tijang remen neneda ingkang bentèr sanget kados déné bangsa Éropah, ingkang karemenanipoen nganggé sop ingkang bentèr kitjat², glazuur waoe saged ladjeng bentèt, langkoeng-langkoeng manawi bakda nganggé sop noenten ngombé toja ingkang asrep. Malah sawenèhing tijang bakda neda ingkang bentèrbentèr ladjeng ngombé ès, ingkang kados makaten poenika embahning klèntoe.

*Badé kasambet.*